



"Patient Care Comes First"

10300 SW 216<sup>TH</sup> STREET  
MIAMI, FLORIDA 33190  
(305)253-5100

## Nou Kontan resevwa w nan Sante Kominotè South Florida

### ENFOMASYON YO MANDE POU KA FIKSE YON DISKONT APATI YON BARÈM FRÈ VARYAB

Nou kontan deske ou chwazi nou kòm founisè swen ou. Tanpri prepare ou pou genyen omwens **yon bagay** nan chak kategori pandan entèvyou enskripsyon w lan

Dokiman pou genyen pou Fikse yon Diskont apati yon Barèm Frè Varyab pou sèvis --

#### **ID avek foto valid:**

- Lisans
- Pyès idantite Eta a bay
- Paspo

Yo mande yon kopi batistè; pou tibebe fenk fèt yon mande dosye anprent

#### **Prèv Salè (dwe gen ladann revni pou tout responsablite finansye)**

- Revni ki randre nan kay la nan 30 jou ki pase yo
  - Egzanp revni; souch chèk travay youn dèyè lòt, deklarasyon definit enpo lane pase
  - Lèt konpansasyon travayè
  - Lèt detèminasyon chomaj
  - Lèt detèminasyon Sekirite Sosyal
  - Lèt verifikasyon revni Patwon sou papye a antèt konayi a si ou touche lajan kontan oswa lèt notarye patwon an
  - Kalandriye Travay Notarye (**utilize I si ou touche lajan kontan**)
  - Lèt sipò notarye zanmi oswa fanmi

#### **Prèv Adrèses:**

- Adrèses ou resevwa kourye nan 30 jou ki sot pase yo (bil kouran elektrisite, mògedj, resi lwave, etakont labank ak/oswa etakont kat kredi).
- Kontra lwave
- Lèt notarye mèt kay
- Si w ap viv ak yon zanmi oswa fanmi yon lèt notarye ki bay kondisyon lojman

#### **Enfòmasyon sou asirans si sa valab (Medicare, Medicaid, Commercial and/or Affordable Care Act)**

- Kopi kat asirans pou tout asirans aktif:

**Prèv salè ak adrèses obligatwa pou tout pasyan ki enterese nan peye pou sèvis sou barèm frè varyab. Pasyan ki refize founi youn nan dokiman obligatwa sa yo ap responsab pou peye tout pri sèvis yo.**

**ANan fen entèvyou finansye a, pasyan ap resevwa yon Etakont Klas Finansye ki pral montre diskont apati barèm frè varyab la ak klasifikasyon ou kalifye pou li a.**

**NAP FE W KONNEN OU DWE PEYE NAN MOMAN SEVIS LA BAY.**

Mèsi deske w chwazi Community Health of South Florida kote "Pasyan Vini Anvan" kòm founisè swen sante ou.



COMMUNITY HEALTH  
*of* SOUTH FLORIDA, INC.

*"Patient Care Comes First"*

10300 SW 216<sup>TH</sup> STREET  
MIAMI, FLORIDA 33190  
(305)253-5100